



Pou Piblikasyon Imedya: 28/05/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE LEJISLATI A POU OGMANTE LAJ RESPONSABILITE
KRIMINÈL PANDAN SESYON SA A**

***Adopte nan Bidjè Eta enkli \$135 Milyon pou sipòte enplemantasyon nouvo
règleman***

***Gouvènè a te anonse egalman Eta ap anboche 103 nouvo gad adisyonèl pou
travay nan etablisman adilt yo toupatou nan New York***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te mande lejislati eta pou pase pwopozisyon Gouvènè a pou ogmante laj responsabiltè kriminel nan New York. Apre yon vizit nan Etablisman Koreksyonèl nan Coxsackie, Gouvènè a te anonse tou ke eta pral anboche 103 ofisyè koreksyonèl adisyonèl pou ranfòse sekirite nan tout rezo enstitisyon koreksyon eta.

“Ogmante laj la pral fondamantalman amelyore alafwa sistèm jistis nou an – e avèk finansman pou fè l vin posib deja akote, se yon devwa pou ke lejislati a pase refòm sa a anvan fen sesyon an,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lè nou pèmèt pou sitiyasyon an kontinye jan li ye a, nap relege plizyè santèn adolesan chak ane – sitou jènjan koulè– a yon aviwonman prizon abiziv kap rann yo pi siseptib pou komèt krim nan lavni. Sa a pa sèlman yon enjistis ki konpwomèt sekirite piblik, e nou dwe fè yon chanjman. Li lè pou lejislati a ogmante laj la.”

New York se aktyèlman youn nan de eta yo nan peyi a pou otomatikman pouswiv moun ki gen laj 16- ak 17-ane kòm adilt. Aktyèlman nan New York, yo kenbe jèn yo avèk popilasyon adilt la nan prizon lokal yo pandan yap tann jijman. Si yo kondane tankou adilt, adolesan sa yo apres a matrikile nan pi gwo popilasyon prizon adilt.

Pou adrese enjistis sa a, Gouvènè Cuomo te rejwenn defansè yo pou mande lejislati eta pou pase lwa Ogmante Laj la, sa ki swiv [rekòmandasyon final](#) ki soti nan men Komisyon sou Jèn, Sekirite Piblik ak Jistis. Selon rekòmandasyon Komisyon an e jan li souliye nan pwojè lwa a devan lejislati a, moun ki gen laj 16- ak 17-ane pral trete kòm jivenil pou tout krim sof pou krim vyolans grav e tout minè yo pral gen aksè a sèvis reyabilitasyon.

Bidjè ane sa a gen ladan \$135 milyon, yon kantite nan montan pral disponib imedyatman a gouvènman lokal yo depi yo fin adopte lejislasyon pou Ogmante laj Laj la.

Pandan vizit la, Gouvènè a te montre tou enpòtans pou sipòte yon anviwonman ki ansekirite pou prizonye yo ansanm avèk ofisye kokresyonèl yo. Pandan dènye ane ki sot pase yo, ensidan vyolan nan etablisman koreksyon adilt te ogmante. Nan yon efò pou ranvèse tandans sa a, eta pa anboche 103 ofisye koreksyonèl adisyonèl aplentan. Anbochaj la pral kòmanse nan pwochen mwa yo pou ofisye sa yo e tout 103 yo pral anplas nan fen ane a.

Komisyonè pa Entèrimè Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè, Anthony J. Annucci, te deklare, “Mwen apresye Gouvènè Cuomo paske li te pran tan pou vizit jodia epi pou nou eksperimente pwoblèm yo chak jou ak difikilte nan yon anviwonman koreksyon adilt kote anplwaye ansanm avèk prizonye yo merite anviwonman ki pi ansekirite ke posib. Anprizonman sèten adolesan 16- ak 17-ane senpleman pa kapab jistifye ankò e li lè pou yo mete fen nan sitiyasyon an. Prewwayans Gouvènè a pou komèt sèlman kriminèl ki pi danjere yo non sèlman fè sans, li pral redwi depans prizon epi frennen residivis.”

Soffiyah Elijah, Direksyon Egzekitif Asosyasyon Koreksyonèl New York, te deklare, “Nou dwe ogmante laj responsabilite kriminèl nan New York. Voye adolesan ki gen laj 16- ak 17-ane nan prizon pou sa ki souvan se enfraksyon ki pa jistifye ogmantasyon pousantaj residivis, e li soumèt adolesan yo ki prensipalman se minorite adolesan a kondisyon abi ki terib. Sèvo imen a pa devlope antyèman nan laj sa a, kidonk li tou senpleman enjistifye ke nou soumèt jèn gason ak fi sa yo nan kalite anviwonman ostil sa a, sa ki sèlman mete yo sou chemen yon avni kriminalite kap ogmante. Mwen kanpe avèk Gouvènè Cuomo – nou dwe fè sistèm jisitis jivenil New York la vin pi entelijan ak pi ekitab – lejislati a dwe ogmante laj la ane sa a.”

Ogmante laj la: Fè yo

Jèn yo ki loje nan etablisman adilt yo gen:

- 5 fwa gen plis chans pou yo sibi agresyon seksyèl;
- 2 fwa gen plis chans pou anplwaye prizon yo blese yo; ak
- 8 fwa gen plis chans pou komèt swisid pase kanmarad yo ki nan etablisman jivenil.

Anplis, jodia:

- Jèn Nwa ak Panyòl reprezante 33% nan jèn yo ki gen laj 16- ak 17-ane, men ki konpoze de 72% nan tout arestasyon yo ak 77% nan tout arestasyon pou krim toupatou nan Eta New York; ak
- Jènjan koulè reprezante jiska 82% nan jèn ki kondane nan prizon adilt.

Lè nou ogmante laj la ak mete sou pye mezi bon sans kap ede jèn ofansè yo pou retounen nan bon direksyon an grasa mwayen olye de anprizonman, New York ka

redwi krim, residivis ak depans pou Eta. Anplis de sa, si yo neglije pou ogmante Laj la pral poze yon menas kontinyèl pou sekirite piblik, kòm yo trete jèn yo kòm aadilt gen 26 pousan chans ki pi elve pou re-anprizonman pase jèn yo ki trete tankou jivenil.

Anplis, New York konsakre anpil resous ki enpòtan anpil nan konfinman jèn yo ki pa akize de komèt okenn krim. Yo depanse plis pase \$100 milyon chak ane pou loje jèn yo ki an detansyon ak plasman, menm lè yo pa akize de komèt okenn krim. Lòt eta yo adrese bezwen jèn sila yo pi efikasman ak nan yon pri redwi atravè sèvis solid ki baze sou kominote, anpil ladan yo enkli nan pwopozisyon sa a.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418